амортизатора в руках, сгибание рук в локтях до груди (варианты: поднимание рук вперед-вверх, в стороны - вверх, круговые вращения руками). - ударное движение руки при нападающем ударе с резиновым амортизатором. - в парах: при сопротивлении партнера поднять руки вверх, опустить вниз, развести в стороны, свести вместе. - круговые вращения кистей рук с отягощением. - передвижение, в упоре сидя, перебирая руками и ногами. - передвижение на руках в упоре лежа без помощи ног. Примерные упражнения для развития силы мышц туловища: - лежа на спине руки за головой – поднять туловище с наклоном вперед до касания локтями пола. - то же, но руки на полу ладонями вниз, ноги вместе, поднять прямые ноги вверх и опустить их вправо, затем влево. - лежа на полу лицом вниз, поочередное или одновременное поднимание и удерживание рук и ног, прогнувшись. - наклоны вперед и назад, лежа бедрами на гимнастической скамейке, ноги удерживает партнер. - то же с отягощением. Примерные упражнения для развития силы мышц ног. - бег по лестнице вверх и вниз. - приседания на двух ногах, на одной ноге. Перетягивание и отталкивание партнера. - «Петушиный» бой (оба партнера, прыгая на одной ноге, толкаются плечами). - приседания с отягощением (полуприсед; медленный присед). - выпрыгивания с отягощением на плечах. - в выпаде в сторону – перенос тяжести тела с одной ноги на другую. - перенос партнера на плечах (спине). Примерные упражнения для развития прыгучести: - прыжки с места, с разбега, доставая баскетбольный щит, кольцо. - прыжки из глубокого приседа. - прыжки на одной и двух ногах на месте и в движении лицом вперед, боком и спиной вперед; то же с отягощением. - прыжки – многоскоки у щита с прикосновением на максимальной для занимающегося высоте. - прыжки с разбега с доставанием метрической отметки возможно выше. - прыжки через препятствия, (в качестве препятствий можно использовать резину, бечевку, набивные мячи и т. д.) - спрыгивание и напрыгивание на тумбу (высота тумбы 0,5 – 0,8 м). - прыжки со скакалкой на двух ногах (варианты: с ноги на ногу, с продвижением вперед, на одной ноге, в приседе, с двойной прокруткой скакалки). - имитации нападающих ударов в прыжке с места, с разбега. - имитации блокирования на месте и после перемещения. - имитации блока, нападающего удара, блока, нападающего удара и т.д. - нападающие удары через сетку после разбега с различных по траектории передач. - примерные упражнения для развития прыжковой выносливости волейболистов: - прыжки со штангой на плечах из глубокого приседа (вес штанги – 20 кг) – 1,5 мин; - прыжки на возвышение высотой 80 – 100 см (60 – 80' см для женщин) – 1 мин; имитация блокирования – 1 мин; - игрок последовательно имитирует нападающий удар и блокирование (удар – два блока), после чего быстро отходит на линию нападения, чтобы вновь выполнить упражнение – 1,5 – 2 мин; - блокирование поточных нападающих ударов в зоне 2, 3, 4 – 1,5 –2 мин. блокирование поочередных нападающих ударов в зонах 2,3,4,3,2,3,4,3,2. - нападающий удар с первой передачи в зоне 4, здесь же блокирование - нападающего удара с противоположной стороны площадки. Выполнить эти же действия в зонах 3,2,3,4. Примерные упражнения для развития игровой выносливости волейболистов: - прыжки на одной ноге, подтягивая бедра к груди, – 15 прыжков на каждой ноге; - кувырок вперед, рывок на 6 м, бросок на грудь (перекат на спину), 10 прыжков из глубокого приседа – 2 – 3 раза; - челночный бег от лицевой линии до линии нападения и обратно броском с броском (падением) на грудь (спину) на линиях, без пауз отдыха – 5 падений; через 30 с. выполнить еще раз; - имитация нападающего удара с разбега с падением (броском) на грудь – спину после приземления – 10 прыжков и падений; - подвижная игра «Борьба за мяч» (каждая команда на своей площадке) – 3 мин. Упражнения выполняют в максимально быстром темпе. В каждой паузе используют упражнения, различные по своему воздействию. Такой вид тренировочной работы дает возможность совершенствовать технико-тактическое мастерство, способствует воспитанию скоростно-силовых и волевых качеств.

## Литература


1. Беляев А.В. Волейбол [Текст] : учеб. для студентов вузов, обучающихся по спец. 022300 - Физ. культура и спорт / под. общ. ред. А.В. Беляева, М.В. Савина. – 3-е изд., перераб. и доп. – М. : ФиС : Спорт Академ Пресс, 2006, -С. 358.
2. Беляев, А.В. Волейбол: теория и методика тренировки А.В. Беляев, Л. Булыкина. - М.: ТВТ Дивизион, 2011, –С. 176.
3. Боталова Л.И. Режим доступа: http://www.629511.ext.spb.ru/2011-03-29-09-03-14.html
4. Железняк, Ю.Д. 120 уроков по волейболу учеб. пособие / Ю.Д. Железняк. – М.: Физкультура и спорт, 1970. –С. 189.
5. Железняк, Ю.Д. Подготовка юных волейболистов Ю.Д. Железняк, Ю.Н. Клещёв, О.С. Чехов. – М.: Физическая культура и спорт, 1967. –С. 294.



**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада ўйинда юқори натижаларга эришишингиз мумкин бўлган волейболчиларда жисмоний фазилатларни ривожлантириш методологияси тасвирланган, волейбол жисмоний тарбиянинг бир қисми сифатида жуда машҳур ва ажойиб спорт туридир, мақолада олий ўқув юртлари талабалари учун волейболнинг ўрни тасвирланган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье описана методика развития физических качеств у волейболистов при помощи которой можно достичь высоких результатов в игре, волейбол как часть физического воспитания довольно популярный и зрелищный вид спорта, в статье описана роль занятий волейболом для студентов высших учебных заведений.

**SUMMARY.** This article describes the method of developing physical qualities in volleyball players with which you can achieve high results in the game, volleyball as part of physical education is quite a popular and spectacular sport, the article describes the role of volleyball classes for students of higher educational institutions.


# STEAM TEXNOLOGIYASÍN ENGIZIW ARQALÍ ULÍWMA KÁSIPLIK HÁM QÁNIGELIK PÁNLERDIŃ INTEGRACIYASÍNDA KÁSIPLIK KOMPETENTLIKTI JETILISTIRIW


**N.Orınbetov** – *docent*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so‘zlar:** raqamli ta’lim va zamonaviy axborot texnologiyalari, texnopark, forsight, texnologiya transferi, startap, akselerator markazlari, zamonaviy muhandislik kommunikatsiyalari, intellektual mulk, innovatsion infratuzilma, dizayn, robototexnika, elektronika, innovatsion texnologiyalar, elektron ta’lim resurslari, kasb-hunar ta’limi.

**Ключевые слова:** цифровое образование и современные информационные технологии, технопарк, форсайт, трансфер технологий, стартап, акселераторные центры, современные инженерные коммуникации, интеллектуальная собственность, инновационная инфраструктура, дизайн, робототехника, электроника, инновационные технологии, электронные образовательные ресурсы, профессиональное образование

**Key words:** digital education and modern communication technologies, technopark, foresight, technology transfer, start-up, accelerator centers, modern engineering communications, intellectual property, innovative infrastructure, design, robotics, electronics, innovative technologies, electronic educational resources, vocational education.


Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń Oliy Májiliske Múrájatında rawajlanıwǵa erisiw ushın sanlı tálimler hám zamanagóy xabar texnologiyaların iyelew zárúr hám shártligi, bul rawajlanıwdıń eń qısqa jolınan barıw

múmkinshiligin beriwi, búgingi kúnde kárxanalar sanlı texnologiyalardan ulıwma paydalanılmay atırǵanlıǵın ayrıqsha atap ótilip, sanlı texnologiyalar tek ǵana ónim hám xızmetler sapasın asırıwı, sonıń menen birge artıqsha qárejetlerdi kemeytiwi, nátiyjelilikti asırıwı, bir sóz benen aytqanda, adamlar turmısın keskin jaqsılaw múmkinligi tiykarlap berildi.

Ekonomikanıń barlıq tarawların sanlı texnologiyalar tiykarında jańalawdı názerde tutatuǵın "Sanlı Ózbekstan - 2030" dástúrin islep shıǵıw hám engiziw wazıypaları belgilendi. Bul sanaattıń jetekshi tarmaqların modernizaciyalaw hám básekelikti kúsheytiw, tarawǵa aldıńǵı texnologiyalardı engiziw, joqarı texnologiyalı kárxanalar, texnoparkler, islep shıǵarıw kárxanaların shólkemlestiriw, zamanagóy injenerlik-kommunikaciya infrasistemalardı qurıwǵa jáne de keń múmkinshilikler jaratadı.

Búgingi kúnde mektepge shekem, ulıwma orta, professional hám joqarı bilimlendiriw sistemalarında tálim alıp atırǵan oqıwshılarda sanaatlasqan mámlekette tálim alıwı, jasawı hám islewi ushın zárúr kónlikpelerdi qáliplestiriw aktual máselege aylanıp barmaqta.

Xabar-kommunikaciya texnologiyaları aqırǵı 30 jıl ishinde jámiyetti ózgertti. Usınıń menen birge úlken miynet migraciyası, rawajlanbaǵan social infrasistema jumıssızlıqtıń joqarı dárejesi, infrasistemanıń eskiligi, kadrlar kompetenciyalarınıń ekonomikalıq rawajlanıw strategiyalıq maqsetlerine saykes emesligi, intellektuallıq mulkti qorǵaw máseleleri, joqarı maǵlıwmat alıw múmkinshilikleriniń sheklengenligi, joqarı texnologiya hám ilimge tiykarlanǵan óndiristiń rawajlanbaǵanlıǵı, insan kapitalı hám imidjine zárúr muǵdardaǵı investiciyalardıń sarıplanbaǵanlıǵı, maman xızmetkerlerdiń jetispewshiligi, orta buwındaǵı basshı hám xızmetkerlerdiń tómen dárejedegi ilmiy tájriybesi, jumısshılarda miynetke salıstırǵanda xoshamettiń joq ekenligi, jumısshı hám injener-texnik kásipler abıroyınınıń túskeni, eski jumıs usıllarınan paydalanıw sıyaqlı máseleler óz sheshimin kútpekte.

Texnologiyalıq tálimdi ózlestirgen pitkeriwshiler sanaat tarawınıń barlıq tarmaqlarında jeke injiniring, ilimiy izertlew hám tájiriybe konstruktorlıq bazalarınıń jáne de rawajlanıwı, bir sóz menen aytqanda joqarı bahalı básekige shıdamlı sanaat ónimlerin islep shıǵarılıwda "drayver" rolin atqaradı.

Ulıwma bilim beriw tarawında oqıwshılarǵa tálim beriwdiń zamanagóy innovaciyalıq usılların engiziw Ózbekstan Respublikası ekonomikası keyingi 10 jıl ishinde dúnyanıń rawajlanǵan industrial-texnologiyalıq lokomotivleri qatarına kiriwi, yaǵnıy 2030-jılǵa kelip ekonomikanıń sanaat hám texnologiyalıq tarmaqları boyınsha jáhánde jetekshi mámleketlerdiń birine aylanıwına imkaniyat jaratıwda zárúrli shártlerden biri bolıp tabıladı.

Bunıń ushın joqarı bilimlendiriw mákemelerinde texnologiyalıq tálim baǵdarı boyınsha ilimiy metodikalıq támiynlew jetkilikli dárejede bolıwı lazım. Texnologiyalıq tálimniń materiallıq-texnikalıqa bazasın eskergenligi, zamanagóy texnika hám texnologiyalar menen úskenelenbegenligi, xalıq aralıq tájiriybelerden kelip shıǵıp, joqarı tálimniń aldıńǵı standartların engiziw, atap aytqanda texnologiyalıq tálim oqıw dástúrlerinde teoriyalıq bilim alıwǵa baǵdarlanǵan tálimnen ámeliy kónlikpelerdi qáliplestiriwge baǵdarlanǵan tálim sistemasına basqıshpa-basqısh ótiw lazım.

Texnologiyalıq tálim mazmunın sapa tárepinen jańa basqıshqa kóteriw, social tarawdıń hám ekonomika tarmaqlarınıń turaqlı rawajlanıwına múnásip úles qosatuǵın, miynet bazarında óz ornın taba alatuǵın joqarı maman kadrlar tayarlaw zárúr. Bunda shet el investiciyalardı alıp keliw, pullıq xızmetler kólemin keńeytiw hám basqa byudjetten tısqarı qarjılar esabına texnologiyalıq tálimdi rawajlandırıw boyınsha texnopark, forsayt, texnologiyalar transferi, startap, akselerator orayların shólkemlestiriw, tálimniń islep shıǵarıw kárxanaları hám ilimiy-izertlew shólkemleri menen óz-ara birge islesiw sherikligin jolǵa qoyıwda normativ huqıqıy hújjetlerdiń eskiligi hám de sheriklik boyınsha islep shıǵılǵan dástúrlerde basqıshpa-basqısh baylanıslar támiyinlenbegen.

Oqıw dástúrlerin jetilistiriw hám zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardı islep shıǵıw zárúr. Bunda texnologiyalıq tálimde ulıwma kásiplik hám qánigelik pánlerdi rawajlandırıwdıń strategiyalıq maqsetlerine itibar qaratıw kerek. Texnologiyalıq tálimdi miynet bazarı talapları tiykarında modernizaciyalaw, sociallıq-ekonomikalıq tárepten turaqlı rawajlandırıp barıw hám de texnologiyalıq sawatlılıq, sın kóz-qarastan, kreativ hám sistemalı pikirlew, erkin qarar qabıl ete alıw, óz intellektuallıq qábiletlerin kórsete alıw hám ruwxıy jetik shaxs retinde qáliplesiwi ushın zárúrli sharayatlar jaratılsa maqsetke muwapıq boladı.

Texnologiyalıq tálimde ulıwma kásiplik hám qánigelik pánlerdi rawajlandırıwda tómendegi wazıypalardı tiykarınan ámelge asırıw zárúr:

-tálimniń barlıq basqıshlarında izbe-iz texnologiyalıq tálimdi oqıtıw sistemasın jaratıw;

-texnologiyalıq tálimniń ilimiy metodikalıq támiynatın rawajlandırıw;

-texnologiyalıq tálim sistemasınıń materiallıq-texnikalıq támiynatın bekkemlew, zamanagóy texnika hám texnologiyalar menen támiyinlew;

-texnologiyalıq tálim procesine sanlı texnologiyalar hám zamanagóy usıllardı engiziw arqalı innovaciyalıq infrasistemanı qáliplestiriw;

-pán sheńberinde uyretiletuǵın hám mámleketimiz ekonomikası ushın perspektivalı dep saylanǵan kásipler hám de qánigelerdi tayarlawdıń tayansh basqıshı retinde xizmet etiwi;

-kadrlardı tayarlaw, ámeldegi kadrlar támiynatın modernizaciyalaw hám insan potencialınan nátiyjeli paydalanıw;

-ilmiy tájriybe talapların, sonıń menen birge jańalanǵan tálim standartların engiziw ushın iyelenip atırǵan kónlikpelerdi anıqlawdıń jańa usılların engiziw;

-tálimniń barlıq basqıshlarında pán boyınsha olimpiadanı shólkemlestiriw hám qaǵıydasın islep shıǵıw hám ámeliyatqa engiziw;

-intalı jaslardı anıqlaw, bahalaw hám xoshametlew sistemasın texnologiya sonday-aq dizayn, injenerlik, robototexnika, elektronika, jaslar ushın oylap tabıw máselelerin sheshiw algoritmı sıyaqlı tańlaw hám kórgezbelerin shólkemlestiriw;

-intellektuallıq potencialdıń miynet bazarındaǵı ornı haqqındaǵı mádeniyattı qáliplestiriw;

-perspektiv texnologiyalıq, zamanagóy standartlarǵa sáykes keliwshi, baǵdarlardı izertlew hám engiziw;

-oqıwshılarda proektlestiriw hám izertlew jumısları mádeniyatın qáliplestiriw;

-ámeliy tárepten texnologiya tarawındaǵı bilim - texnologiyalar transferi menen baylanıslı, keń mániste keleshek áwladtı júz beriwi múmkin bolǵan texnologiyalıq ózgerisler menen islewge tayarlaw bolıp tabıladı.

Texnologiyalıq tálimde ulıwma kásiplik hám qánigelik pánlerdiń oqıw-metodikalıq támiynatın rawajlandırıw boyınsha tómendegi ilajlar ámelge asırıw maqsetke muwapıq boladı:

-aldıńǵı shet el tájiriybeler, xalıq aralıq standartlar hám milliy dástúrler muwapıqlıǵında texnologiyalıq tálim boyınsha mámleket tálim standartın islep shıǵıw;

-texnologiyalıq tálim boyınsha úzliksizlikti itibarǵa alǵan halda tálim basqıshları ushın ayrıqsha tártipte pitkeriwshilerge qoyılatuǵın ilmiy tájriybe talapların islep shıǵıw;

-texnologiyalıq tálim sisteması boyınsha oqıw - metodikalıq komplekslerdi (sabaqlıq, shınıǵıw dápteri, oqıtıwshı ushın metodikalıq qollanba, sabaqlıqlardıń multimedialı qosımshası hám basqa) jańa áwladın basqıshpa-basqısh islep shıǵıw kerek.

Kásiplik hám qánigelik pánlerdi oqıtıw procesine sanlı texnologiyalar hám zamanagóy usıllardı engiziw boyınsha tómendegi kórsetpeler engiziw:

-zamanagóy sanlı texnologiyalar hám tálim texnologiyalarınıń bekkem integraciyasın támiynlew, usıǵan baylanıslı pedagog kadrlardıń kásiplik sheberligin úzliksiz rawajlandırıp barıw ushın qosımsha sharayatlar jaratıw;

-texnologiyalıq tálim boyınsha elektron kitaplardı mobil úskenelerge júklep hám kóshirip alıw maqsetinde QR-kod járdeminde basqıshlar kesiminde oqıw metodikalıq kompleksler (sabaqlıq, shınıǵıw dápteri, oqıtıwshı ushın metodikalıq qollanba, sabaqlıqlardıń multimedialı qosımshası) haqqındaǵı informaciyalardı jaylastırıw sistemasın jaratıw;

-zamanagóy xabar-kommunikaciya texnologiyaları tiykarında aralıqtan oqıtıw dástúrlerin shólkemlestiriw;

-teoriyalıq hám ámeliy shınıǵıwlardı onlayn baqlaw hám ózlestiriw imkaniyatın beretuǵın, sonıń menen birge olardı elektron informaciya saqlawshılarǵa jukleytuǵın platformalardan (Edu Market interaktiv-virtual tálim dástúri) hám de tálim processlerinde innovaciyalıq texnologiyalardan paydalanıw;

-aralıqtan turıp paydalanıw imkaniyatın beretuǵın elektron kitapxana sistemasına texnologiyalıq tálim sisteması boyınsha islep shıǵılǵan oqıw-metodikalıq komplekslerdi, elektron tálim resurslarına jaylastırıw hám de olardan paydalanıw múmkinshiliklerin keńeytiw;

-tálim processinde elektron resurslar úlesin basqıshpa-basqısh asırıp barıw, elektron oqıw ádebiyatlar jaratıw, olardı mobil apparatlarǵa júklep alıw maqsetinde QR-kod járdeminde elektron resurslar haqqındaǵı informaciyalardı jaylastırıw sistemasın jaratıw;

-texnologiyalıq tálimniń ayrıqshalıǵınan kelip shıǵıp, tálim processinde xalıq aralıq kólemde keń qollanılatuǵın zamanagóy dástúrlerden paydalanıwdı rawajlandırıw kerek.

Texnologiyalıq tálimniń mazmun hám metodların jetilistiriw ushın texnologiyalıq tálim boyınsha islep shıǵılıp atırǵan oqıw normativ hújjetler hám de zamanagóy tálim texnologiyaları hám resursların, aralıqtan oqıtıw texnologiyasın qollaw hám pánniń rawajlanıwı haqqındaǵı maǵlıwmatlardı analiz etiwdi inabatqa alǵan halda, ilmiy tájrıybesin asırıw hám qayta tayarlaw qosımsha kásiplik sıpatlama beriwdi talap etedi. Bul process tómendegi ilajlardı ámelge asırıwdı názerde tutadı:

-"Texnologiyalıq tálim" tálim baǵdarı bakalavriat dárejesi ushın tálim dástúrlerin mektepke shekemgi, ulıwma orta bilim beriw, professional hám joqarı bilimlendiriw sistemaları mámleket tálim standartı hám oqıw dástúrlerinen kelip shıqqan halda tupten jańalaw;

-texnologiyalıq tálim sheńberinde oqıw pánlerinen sabaq beretuǵın oqıtıwshılardı aralıqtan hám aralas usılda integraciyalasqan mamanlıǵın asırıw hám de qayta tayarlaw dástgrlerin islep shıǵıw hám ámeliyatqa engiziw;

- arnawlı kompetenciyalarǵa hám de texnologiya tarawında tájiriybege iye kásip ustaların tayarlaw hám mamanlıǵın asırıw sistemasın jolǵa qoyıw;

-mektepke shekemgi, ulıwma orta bilim beriw, professional tálim sistemaları pitkeriwshileriniń zamanagóy texnologiyalar boyınsha joqarı potencial dárejelerin anıqlaw, onı qollap-quwatlaw, olardıń qábiletlerin ámelge asırıw maqsetinde milliy, xalıq aralıq hám aymaqlıq kórgezbelerinde qatnasıw ushın tálim mákemelerin grant tiykarında qollap-quwatlaw dástúrin islep shıǵıw kerek.

STEAM tálimin engiziw arqalı ulıwma kásiplik hám qánigelik pánlerdiń integraciyasınada kásiplik kompetentlik dárejesin asırıwda "Texnologiyalıq tálim" tálim baǵdarı boyınsha bakalavrlardıń kásiplik iskerligi tómendegilerdi óz ishine aladı:

− ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde texnologiya pánlerinen, professional tálimde kásiplik pánlerden ornatılǵan tártipte sabaq beriw;

− professional tálim shólkemlerinde oqıw ustası bolıp islew;

− professional tálim oqıtıwshı sáykes tálim baǵdarı boyınsha tálimdi ámelge asırıwshı ministrlikler, onıń tarmaq basqarmaları hám mákemelerinde metodist bolıp islew;

− pedagogika hám texnika pánler baǵdarındaǵı ilimiy-izertlew shólkemlerinde kishi ilimiy xızmetker bolıp islew;

− ulıwma orta bilim beriw mákemelerinde hám mektepden tısqarı tálim mákemelerinde islew imkaniyatı jaratıladı.

Texnologiyalıq tálimdi oqıtıwdı jańa basqıshqa kóteriw Ózbekstan Respublikası ushın joqarı maǵlıwmatlı qánigeler tayarlawdıń maqsetli parametrlerin Investiciya dástúrleri, aymaqlıq hám tarmaq dástúrleri, qáwenderlik keńesleriniń talapları, jáhán kólemindegi texnologiyalıq ózgerislerdi inabatqa alǵan halda qáliplestiriw, tálim baǵdarları hám qánigeliklerin optimallastırıw, bunda STEAM baǵdarların (anıq pánler, texnologiya, injiniring, dóretiwshilik kórkem-óner hám matematika ) rawajlandırıwǵa itibar qaratıladı.

Juwmaqlap aytqanda, tálim processlerin sanlı texnologiyalar tiykarında individuallastırıw, aralıqtan oqıtıw xızmetlerin rawajlandırıw, vebinar, onlayn, «blended learning», «flipped classroom» texnologiyaların ámeliyatqa keń engiziw, zamanagóy xabar-kommunikaciya texnologiyaları tiykarında aralıqtan oqıtıw programmaların shólkemlestiriw, lekciya hám ámeliy shınıǵıwlar, seminarlardı onlayn baqlaw hám ózlestiriw imkaniyatın beretuǵın, sonıń menen birge olardı elektron informaciya saqlawshılarǵa jukleytuǵın «E-MINBAR» platformasın ámeliyatqa engiziw, tálim processlerinde «bulutli texnologiyalar»dan paydalanıw hámde joqarı bilimlendiriw mákemelerinde tálim, pán, innovaciya hám ilimiy izertlewler nátiyjelerin kommerciyalastırıw tıǵız baylanıslılıǵın názerde tutatuǵın «Universitet 3.0» koncepciyasın basqıshpa-basqısh engiziw lazım. Professor -oqıtıwshılar, ilimiy ızleniwshiler, doktorantlar, magistratura hám bakalavriat talabaların biriktiretuǵın texnoparklerde ilimiy hám innovaciyalıq iskerlik júrgiziwge hámde xalıq aralıq SsiVal xabar-analiz sisteması járdeminde jáhándegi ilimiy izertlew nátiyjelerin analiz etip barıw tiykarında ilim-pánniń aldıńǵı jetiskenlikleri menen rawajlanıwın támiyinlew bolıp esaplanadı.

## Ádebiyatlar


1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2020 йил 24 январдаги Олий Мажлисга Мурожаатномаси.
2. Технологик таълим бакалавриат таълим йўналишининг малака талаблари. –Ташкент: 2021.
3. Орынбетов Н.Т. Меҳнат таълими йўналиши талабаларининг электротехника, радиотехника ва электроника бўйича касбий тайёргарлигини такомиллаштириш. Автореф. пед. фан. фалс. док....дисс (PhD). – Нукус: 2019, 23-б



**REZYUME.** Texnologik ta'lim mazmuni va usullarini takomillashtirish maqsadida, texnologik o'qitishning ishlab chiqilgan ta'lim reglamentini hamda zamonaviy ta'lim texnologiyalari va resurslarini hisobga olgan holda, masofaviy ta'lim texnologiyalaridan foydalanish va fanni rivojlantirish to'g'risidagi axborotni tahlil qilish, qo'shimcha ma'lumotlarni taqdim etish; professional ma'lumotlar. Raqamli texnologiyalar asosida ta'lim jarayonlarini individuallashtirish, masofaviy ta'lim xizmatlarini rivojlantirish ko'rib chiqilmoqda.

**РЕЗЮМЕ.** В целях совершенствования содержания и методов технологического обучения с учетом разрабатываемого образовательного регламента по технологическому обучению и современных образовательных технологий и ресурсов, использования технологий дистанционного обучения и анализа информации о развитии науки, предоставления дополнительных профессиональных информация. Рассмотрена индивидуализация образовательных процессов на основе цифровых технологий, развитие сервисов дистанционного обучения.

**SUMMARY.** In order to improve the content and methods of technological training, taking into account the developed educational regulations for technological training and modern educational technologies and resources, the use of distance learning technologies and the analysis of information on the development of science, the provision of additional professional information. The individualization of educational processes based on digital technologies and the development of distance learning services are considered.

## ОҚЫЎШЫЛАРДЫҢ МУЗЫКАЛЫҚ УҚЫПЛЫЛЫҒЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎДЫН КОГНИТИВ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**М.А.Пазылов** – *таяныш докторант*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** Ренессанс, реформа, когнитив, эстетика, нота, форма, профиль, структура.
**Ключевые слова:** Ренессанс, реформа, когнитив, эстетика, нота, форма, профиль, структура.
**Key words:** Renaissance, reform, cognitive, aesthetics, note, form, profile, structure.

Музыка инсанның руўхый байлығын жетилистириўде, әдеп-икрамлылығын тәрбиялаўда, ең тийкарғысы инсанның дөретиўшилигин, уқыплылығын ҳәм шеберлигин жетилистириўде әҳмийетли хызмет атқаратуғын илим тараўларынан саналады. Музыка илиминиң бундай кең көлемли имканиятлары III-Ренессанс дәўири ўәкиллерин тәрбиялаўда, олардың ҳәр тәреплеме кәмил инсан болып жетилисиўине хызмет етеди. Бүгинги күнде билимлендириў тараўында алып барылып атырған реформалар, келешек әўладтың жәҳән тәлим стандартлары дәрежесинде билим алыўына ҳәм заманагөй технологияларды терең меңгерип, еле де турмысқа ен жайдырыўға қаратылған. Бундай ийлигикли ислерди әмелге асырыўда Президентимиз Ш.М.Мирзиёев атап өткениндей «…бүгинги күн ушын зәрүр болған келешек әўладты илим-пән ҳәм өз қәнийгелигиниң түп сағасын терең ийелеген, билимли жасларды тәрбиялаўдан ибарат» [1].

Инсанды тәрбиялаў дегенде ҳәр тәреплеме жетилискен, әдеп-икрамлылық пазыйлетлерин өзинде сиңдирген, руўхый ҳәм физикалық жақтан саламат инсанды жетилистириў нәзерде тутылады. «Тәрбия - руўхый мәдений, материаллық, бүгинги күн талаплары ҳәм мүтәжликлерин нәзерде тутқан ҳалда муғаллимниң оқыўшы менен анық бир мақсетке қаратылған өз-ара қарым - қатнасы болып есапланады» [2]. Тәрбияның нәтийжелилиги болса сол процессте қолланылатуғын методларға байланыслы әмелге асырылады, қалаберди инсан тәрбиясында эстетикалық талапларды қәлиплестириў, ондағы талғамды жетилистириўде үлкен роль атқарады.

Инсан өмири даўамында қандай да бир қарым-қатнасларға кирисиўи, жәмийетте өз орнын ийелеўи, дус келетуғын машқалалардың шешимин табыўында зәрүр компетенцияларға ийе. Буннан тысқары «оқыў процесинде ҳәр бир оқыў пәнин өзлестириў барысында оқыўшыларда, усы пәнниң өзине тән өзгешеликлерин, оның мазмунынан келип шыққан ҳалда сол тараўға тийисли болған компетенциялар да жетилистириледи» [3]. Оқыўшылар менен айрықша педагогикалық-психологиялық бағдарламалар бойынша ислесиў, музыка мәденияты сабақларында саз шертиў ҳәм қосық айтыўдан зерикпеў, шынығыў барысында муғаллимниң ҳәр қыйлы темаларда сәўбет алып барыўы, өз-ара пикир алмасып сабақ өтиўи, усы компетенциялардың қәлиплесиўине ҳәм музыкалық уқыптың раўажланыўына тийкар болады.

Өнер менен өмирди эстетикалық жақтан дурыс қабыл етиўдиң өзи оқыўшыларды руўхый жетилистириўде тийкарғы қурал болып есапланады. Сонлықтан да ҳәр қандай форма белгили бир мазмунның көриниси болып, өнердиң кәлеген түри өмирдиң социаллық руўхый нормаларын өзинде сәўлелендиреди. Инсанның өнерге болған мүнәсибети, сезимталлығы, тәбияттағы, мийнеттеги инсанлардың ис-ҳәрекетлери, жүз берип атырған ўақыя-ҳәдийселерди баҳалап билиўи, ондағы уқыплылық қәсийетлеринен саналады. Демек, музыканың характерин, оның объективлигин дурыс баҳалаў, оқыўшының билими ҳәм тәрбияланғанлық дәрежесин белгилейди.

«Ҳәр бир халықтың билимлендириў саласында музыка тәрбиясы методикасы педагогикалық, дидактикалық нызамлылықларға ҳәм сол халықтың миллий музыка мәденияты менен мәдений этнографиясына тийкарланады. Соның менен бирге музыка тәрбиясының қурылысы, системасы ҳәм илимий методикалық жақтан жетискенликлери басқа миллетлердиң илимий мәдениятына унамлы тәсир жасайды» [4]. Тәлим-тәрбия процесинде өнер арқалы оқыўшыларға турмысты үйретиў, оған жеке мүнәсибетин билдириў, дөретиўшеңлик қәбилетине қарай билиў көнликпелери раўажландырылады.

Турмыста ҳәр қандай жағдайда да ақыл ҳәм ерктиң роли шексиз, оны қәлиплестириў болса тәлим-тәрбияға байланыслы болады. «Инсанды тәрбиялаў, оны билим алыўға, мийнет етиўге үйретиў ҳәм бул ис-ҳәрекетлерди әсте-ақырынлық пенен көнликпеге айландырып барыў керек»тей түйиледи [5]. Демек, эстетикалық тәрбияның ўазыйпасын ҳәм мазмунын дурыс белгилеў ушын, тийкарынан көркем-өнердиң ўазыйпаларын анық көз алдымызға келтириўимиз керек. Ал, оны қабыл етиў болса тек ғана заўықланыў, ләззетлениў менен шекленбейди, ол инсанда қайғырыў, аяў сыяқлы сезимлерди де жүзеге келтиреди.

Көркем-өнер өзинде турмысты тек ғана гөззал тәреплерин емес, ал оның предмети, рәң-бәреңлиги, турмыста ушырасатуғын кескинликлер, қуўаныш-қайғыларды да өзинде сәўлелендиреди. «Оқытыўда - дейди, рус алымы И.Ю.Дьяченко, - музыка өнериниң роли үлкен, бул жерде оқыў процеси бала психикасының сезимталлық қурамына тийкарланады. Арнаўлы түрде таңланған ҳәм педагогикалық жақтан бағдарланған музыка, музыкалық түсиникти күшейтеди ҳәм тәсиршең тәжирийбени келтирип шығарады. Бул көринис қайта-қайта күшейип барады, кейин болса әсте-ақырынлық пенен тынышланады. Сезим ҳәм ишки кеширмелер менен ислесиў баланың сезимталлық тараўын кеңейтириў ҳәм байытыў арқалы емес, ал өз тәжирийбелерин әмелге асырыўы ҳәм оның менен белгили бир дәрежеде невротизация процесин тегислеўге жәрдем береди» [6].

Венгриялы оқытыўшы Тибор Шарай «музыка тыңлаў басқа пәнлердиң когнитив материалын жақсы өзлестириўге үлес қосады, артықша сезимталлық жүгин кемейтиреди» [6] - деб музыка тәрбиясы мектепте алып барылатуғын биргеликтеги ақлый мийнет процесинде балаларды аўызбиршиликке, ўақыттан үнемли пайдаланыўға, жумыс түрлериниң өтиў процеслериниң тезлесиўине мәдед болатуғынлығына түртки берип өтеди.

Музыканы тыңлаў, оны қабыл етиў - музыка жазыў ҳәм оны атқарыў, музыка өнериндеги тийкарғы жумыс түри саналады. Музыканы ҳеш ким тыңламаса, ол өзиниң мәнисин жоғалтады ҳәм жасаўдан тоқтайды. Музыканы тыңлаў ҳәм оны қабыл етиў, түсиниў оқыўшыларда гөдеклик дәўиринен баслап жетилистирилип барылады. Музыканы ҳәмме еситкени менен оны ҳәмме де толық түсинип қабыл ете алмайды.